



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI RESTRIKSYON SOU CHOFÈ KI DISTRÈ  
PANDAN YAP KONDWI**

***Lapolis Eta New York ak Ajans Lapolis Lokal yo ap Ranfòse Patwouy pou pran  
Mezi Restriksyon kont Moun k ap Voye Mesaj Tèks Pandan y ap Kondwi***

***Ant 2011 ak 2016, 918% Ogmantasyon nan Kantite Kontravansyon yo Bay nan  
New York poutèt Chofè k ap Voye Mesaj Tèks***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri mezi restriksyon nan tout eta a, kont chofè ki distrè dèyè volan, nan kad deziyasyon mwa d avril la kòm Mwa Nasyonal Sansibilizasyon sou Kondwi Distrè (National Distracted Driving Awareness Month). Mezi restriksyon sa yo, ke yo rele Operation Hang Up, se yon efò espesyal lapolis ap fè pou ranfòse patwouy ak baraj epi bare chofè ki sou aparèy elektwonik, soti nan dat 6 Avril rive 10 Avril. Done preliminè yo montre gen yon ogmantasyon 918 pousan ant 2011 e 2016 nan kantite kontravansyon yo bay chofè nan Eta New York k ap voye mesaj tèks pandan yo dèyè volan. Alòske kantite kontravansyon yo bay pou itilizasyon telefòn selilè kontinye ap bese, pwopagasyon selilè “smartphones” lakòz kantite kontravansyon yo bay chak ane pou mesaj tèks ogmante depi 2011.

“Distraksyon pandan yon chofè sou volan se yon bagay danjere e ilegal, e mezi restriksyon sa yo pase mesaj sa a ankò: pase apèl e voye tèks pandan ou sou volan se pa bagay n ap tolere nan New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lapolis Eta a ak lapolis lokal ap soti an fòs pou asire wout nou yo san danje, e mwen ankouraje tout chofè aji yon manyè responsab epi depoze aparèy yo pou evite trajedi ak kè sere.”

Tradisyonèlman, mwa d avril make kòmansman sezon prentan sou wout la. Pou nou minimize trajedi avèk ogmantasyon anbouteyaj la, Lapolis Eta a ak ajans lapolis lokal yo pral pran mezi restriksyon kont chofè ki distrè dèyè volan, epitou kont lòt enfraksyon sikilasyon. Anplis de sa, Komite pou Sekirite nan Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee) te lage yon nouvo Anons Sèvis Piblik anime pou mete aksan sou enpòtans ki genyen pou nou kenbe je nou sou wout la pandan n ap kondwi. Ou ka wè anons la [isit la](#).

Dapre Administrasyon Nasyonal Sekirite Sikilasyon sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration), nan ane 2015, 3,477 moun te mouri nan tout peyi a nan aksidan akòz yon chofè te distrè e apeprè 391,000 te blese nan aksidan otomobil akòz yon chofè te distrè. Anplis de sa, dapre yon [etid](#) Enstiti pou Jesyon Sekirite ak Rechèch

Sikilasyon (Institute for Traffic Safety Management and Research) te fè an 2015, 160 moun te mouri e plis pase 33,000 moun te blese nan aksidan nan New York epi “negligans/distraksyon chofè” te youn nan faktè yo te rapòte kòm youn nan kòz aksidan an. Menm rapò sa a te presize ke nan 21 a 22 pousan nan aksidan fatal ak aksidan pèsònèl lapolis te rapòte chak ane, “negligans/distraksyon chofè” se te youn nan faktè ki te kontribye.

**Sipè-Entandan Lapolis Eta New York (New York State Police), George P. Beach II, te di,** “Se itilizasyon telefòn selilè ak voye mesaj tèks ki responsab anpil nan aksidan, blesi ak lanmò nan sikilasyon. Si w ap voye mesaj tèks, se pa kondwi w ap kondwi. Pandan Lapolis Eta New York ap ranfòse an toutan lwa ki genyen New York konsènan telefòn selilè ak aparèy elektwonik, Troupè yo pral pran mezi restriksyon kont tout moun ki pa respekte lalwa pandan kanpay Operation Hang-Up.”

Twoup yo pral sèvi avèk toulè machin polis eta ki make ak sa ki kache idantite machin kontwòl sikilasyon an (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) kòm yon pati nan operasyon an nan fason pou idantifye pi fasilamn chofè yo kap itilize aparèy avèk men yo pandan yap kondwi. Machin CITE yo ap pèmèt twoup yo obsève pi byen vyolasyon kondwi ki gen rapò a distraksyon. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

**Komisyone Egzekitif Adjwen DMV (Department of Motor Vehicles) e Prezidan Enterimè Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, Terri Egan, di konsa,** “Yon sèl apèl oswa yon sèl tèks la, ka lakòz yon erè terib sou wout la, e sa gen dwa gen efè avi sou lavi otomobilis, siklis oswa pyeton yo. Grasa kanpay ranfòsman ak konsyantizasyon tankou Operation Hang Up, New York ap kontinye fè pwogrè pou konbat moun ki distrè lè yo sou volan. Ofisye lapolis nou yo alatèt kanpay nan, e mwen di yo mèsè pou efò yo fè san souf pou ranfòse lwa New York konsènan sekirite sikilasyon, chak jou nan ane a.”

Pandan kanpay Operation Hang Up la an Avril 2016, Lapolis Eta a te bay plis pase 18,000 kontravansyon, pami lèkèl plis pase 2,000 kontravansyon pou chofè ki distrè. Kontravansyon sa yo te youn konbinezon pale nan telefòn san yo pa gen yon kask telefòn, voye tèks, oswa itilize yon aparèy elektwonik pandan y ap kondwi.

#### **Kontravansyon pou Chofè ki Distrè yo Bay nan New York:**

<b>Ane</b>	<b>Telefòn Selilè</b>	<b>Tèks</b>	<b>Total Tikè Kontravansyon</b>
2016*	113,116	92,097	205,213
2015	132,245	84,794	217,039
2014	165,087	76,208	241,295
2013	208,508	55,718	264,226
2012	217,329	30,370	247,699
2011	248,801	9,043	257,844

\* Kantite final pou 2016 ap disponib nan mwa Me 2017.

Lwa ki egziste prezantman nan Eta New York gen ladan penalite pou chofè ki distrè:

- Pou yon premye ofans, amann minimòm nan se \$50 e maksimòm nan se \$200
- Yon dezyèm ofans nan yon espas 18 mwa ogmante amann lan a \$250 maksimòm
- Yon twazyèm ofans nan yon espas 18 mwa lakòz yon amann maksimòm \$450
- Chofè sou pwobasyon ak jèn chofè ka gen yon sispansyon 120 jou pou yon premye deli, epi ka pèdi lisans yo pandan yon lane si dezyèm deli a komèt nan sis mwa.

Kanpay la finanse pa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a. Pou plis enfòmasyon vizite [www.safeny.ny.gov](http://www.safeny.ny.gov). Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa Eta a sou telefòn selilè ak mesaj tèks, ale sou: [www.dmv.ny.gov/cellphone.htm](http://www.dmv.ny.gov/cellphone.htm). Pou jwenn plis enfòmasyon sou distraksyon nan kondwi machin, vizite [www.distraction.gov](http://www.distraction.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418